

Jere Ka COVID-19 yo nan Espas Travay la: Kisa Anplwayè yo Bezwen Konnen

Anplwayè yo kapab jwe yon wòl enpòtan nan ede Vil New York (NYC) anpeche pwopagasyon COVID-19 la lè yo adrese ka COVID-19 yo rapidman nan espas travay yo. Gid sa a bay repons pou kesyon yo sou fason pou ou jere ka COVID-19 ki konfime oswa ka ki posib yo nan espas travay ou a. Dokiman sa a pa destine pou etablisman swen sante yo oswa etablisman rezidansyèl kolektif yo.

Tanpri verifye [paj wèb Eta New York \(NYS\)](#) pou ou wè si wi oswa non endistri ou a genyen egzijans espesifik ki soti nan Eta a. Resous annapre yo gendwa itil pou ou ak pou pèsònèl ou yo:

- [Sa Moun New York yo Dwe Konnen Kounye a Sou COVID-19](#)
- [COVID-19: Konprann Karantèn ak Izòlman](#)
- [Tès COVID-19: Kesyon Moun Poze Souvan yo](#)
- [Kisa Ou Dwe Fè Si Ou Gen COVID-19](#)

Pou enfòmasyon anplis, direktiv ak resous sou COVID-19 yo, vizite sitwèb sou COVID-19 Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC (Depatman Sante) a nan nyc.gov/health/coronavirus.

Ki fason anplwayè yo ap konnen ke yon manm pèsònèl la genyen COVID-19?

Ou gendwa aprann dirèkteman nan manm pèsònèl la oswa Depatman Sante NYC a gendwa kontakte ou.

Ki etap anplwayè yo dwe reyalize lè yo aprann yon manm pèsònèl la genyen COVID-19?

- Konfime ke manm pèsònèl la te genyen yon tès dyagnostik pou viris la (pa egzanp, yon tès molekilè tankou yon tès reyaksyon chèn polimeraz [PCR] oswa yon tès antijèn) epi se **pa** yon tès antikò.
- Detèmine si wi oswa non manm pèsònèl la te nan espas travay ou a pandan [periyòd enfektye](#) li a, sa ki pwobableman te ekspozé lòt moun ak COVID-19. Asire ou konprann fason pou li izole tèt li an tout sekirite lakay li ak lè li kapab retounen travay. Nou rekòmande tou pou ou bay enfòmasyon sou fason pou li [gen aksè ak resous yo](#) ak fason pou li resevwa konje peye, si li elijib.
- Si manm pèsònèl la te nan espas travay la pandan periyòd enfektye li a, idantifye tout moun ki te nan [kontak pwòch](#) avèk li nan manm pèsònèl la pandan periyòd enfektye li a.
- Ekskli tout kontak pwòch yo nan espas travay la (sòf si yo reponn ak yon eksepsyon pou karantèn, jan sa dekri anba la a) epi enfòmasyon yo ke, [dapre egzijans Depatman Sante NYS \(NYSDOH\) la](#), yo dwe rete lakay yo epi separe yo de lòt moun yo (gen ladan manm fanmi yo) pandan 10 jou apati dat dènye ekspozisyon yo a. Yo dwe kontinye siveye tèt yo oswa lòt sentòm COVID-19 yo pandan kat jou apre karantèn lan te fini. Si genyen sentòm, yo ta dwe izole tèt yo, kontakte pwofesyonèl swen sante yo epi fè tès pou COVID-19.
- Soumèt enfòmasyon sou ka a ak sou kontak pwòch yo dekwa pou yo ka enskri yo nan pwogram NYC Test & Trace Corps a lè yo ranpli [fòmilè pou Rapòte Ekspozisyon ak COVID-19 nan Etablisman](#) sa a. Ou gendwa kontakte ekip Etablisman yo nan Depatman

Sante a atravè facilities@health.nyc.gov, oswa rele 866-692-3641, si ou gen difikilte pou ou ranpli fòmilè a.

- Rapòte nenpòt ka COVID-19 nan etablisman ou an bay Depatman Sante NYC a lè ou itilize [fòmilè sou Ekspozisyon ak COVID-19 nan etablisman yo](#). Si Depatman Sante NYC a decide ke swivi anplis nesèsè, yo pral kontakte ou pou enstriksyon.
- Asire ou pran pran mezi nan espas travay la pou redwi risk transmisyon COVID-19:
 - Limite kapasite espas komen moun itilize yo, tankou salamanje oswa sal poz yo, vestyè yo, espas pou pase kat pwentaj yo ak sal repo yo.
 - Ankouraje itilizasyon mask pou figi nan espas anedan yo kèlkeswa sitiwayon vaksinasyon moun yo.
 - Aplike distans fizik ant anplwaye yo, gen ladan nan sal konferans ak sal reyinyon yo.
- Si ou mande asistans pou ankete sou yon gwoup ka nan etablisman ou an oswa ou genyen kesyon anplis sou jere ka COVID-19 yo ak/oswa idantifikasyon kontak pwòch yo nan etablisman ou an, tanpri kontakte Depatman sante NYC a lè ou rele nan 866-692-3641.
- Konsilte [Anèks: Idantifye Kontak Pwòch yo epi Soumèt Enfòmasyon bay NYC Test & Trace Corps](#) pou enfòmasyon anplis.

Èske gen okenn eksepsyon pou karantèn?

Moun ki annapre yo pa bezwen fè karantèn epi yo kapab ale travay, depi yo pa gen okenn sentòm COVID-19 yo:

- Nenpòt moun ki vaksinen konplètman kont COVID-19. Vaksinen konplètman vle di sa te fè omwen de (2) semèn apre yo te resevwa dezyèm dòz yo a nan yon vaksen ki mande pou moun pran de (2) dòz (tankou vaksen Pfizer-BioNTech oswa vaksen Moderna) oswa de (2) semèn apre yo te resevwa yon vaksen ki mande pou moun pran yon sèl dòz (tankou vaksen Johnson & Johnson/Janssen lan). Yo konsidere tou kòm "konplètman vaksinen" moun ki te acheve seri vaksinasyon kont COVID-19 yo avèk yon vaksen ke Òganizasyon Mondyal Lasante (World Health Organization, WHO) te otorize pou italizasyon ijans. Yon lis vaksen ke WHO te otorize disponib [isit la](#).
- Nenpòt moun ki te genyen COVID-19 ke yon laboratwa te konfime nan twa mwa pase yo epi ki te geri. Yo mezire twa (3) mwa sa a apati dat yon moun te premye gen sentòm COVID-19 la yo oswa, si yo pa gen sentòm yo, apati dat yo te premye teste pozitif la.
- **Sonje:** Travayè esansyèl yo pa gen eksepsyon ankò pou yo pa fè karantèn sòf si yo satisfè youn nan kategori eksepsyon ki anwo a.

Kisa sa peryòd enfektye a ye pou yon moun ki gen COVID-19?

Peryòd enfektye a se lè yon moun genyen COVID-19 gendwa pwobableman pwopaje viris la bay lòt moun (oswa lè yo kontajye):

- **Dat kòmansman** peryòd enfektye a se de (2) jou avan moun lan te genyen premye sentòm yo oswa de (2) jou avan dat tès pou COVID-19 li a si li pa janm genyen sentòm yo.
- **Dat finisman** peryòd enfektye a se 10 jou apre moun lan te genyen premye sentòm yo

oswa 10 jou apre dat tè s pou COVID-19 li a si li pa janm genyen sentòm yo.

Dat tè la se dat lè yo te pran echantiyon nan nen oswa nan gòj oswa nan saliv ou a.

Kisa yon kontak pwòch ye?

Yon kontak pwòch se yon moun ki te nan yon distans 6 pye pandan omwen 10 minit pandan yon peryòd 24 èdtan ak yon moun ki genyen COVID-19 pandan peryòd enfektye li a, menm si li te itilize kouvèti pou figi oswa te genyen prezans pleksiglas oswa lòt baryè yo.

Anplis de sa, yo gendwa konsidere lòt moun kòm kontak pwòch nan kèk sitiyasyon, gen ladan:

- Lè yo pa kapab siveye oswa kenbe distans fizik konstaman
- Lè moun ap patisipe nan aktivite ki egzije yo libere plis lè, (tankou gwo egzèsis, chante oswa jwe enstriman a van oswa enstriman an kuiv) nan espas ki fèmen

Si ou genyen kesyon sou ki moun ki kalifye kòm yon kontak pwòch, rele Depatman Sante NYC a nan, 866-692-3641, chwazi enstriksyon yo pou fasilite yo fè rapò a epi mande pou ou pale avèk yon epidemyolojis medikal. Konsiltasyon disponib lendi rive vandredi, soti 9 AM rive 5 PM.

Kilè yon manm pèsònèl la kapab retounen travay si li genyen COVID-19?

Nenpòt moun yo konfime ki genyen COVID-19 dwe rete lakay (izole tèt li) jiskaske **tout** sa ki annapre yo vrè:

- Omwen 10 jou te pase apre sentòm li yo te kòmanse
- Li pa te genyen lafyèv pandan 24 èdtan ki pase yo san li pa te itilize medikaman pou redwi lafyèv yo
- Sante jeneral li te amelyore

Si yon moun pa te janm genyen sentòm yo, li ta dwe rete lakay pandan 10 jou apati dat li te fè tè la.

Kilè yon manm pèsònèl la kapab retounen travay si li te genyen sentòm COVID-19 yo?

Nenpòt moun ki gen sentòm COVID-19, gen ladan yon lafyè ki nan 100.0 Fahrenheit oswa pifò, tous, paka pran gou oswa pran sant, souf kout ki te kòmanse pandan 10 dènye jou yo, pa kapab ale travay **sòf si**:

- Li pa oblije fè karantèn (pa egzanp, yo pa te idantifye li kòm yon kontak pwòch avèk yon moun ki gen COVID-19).
- Li teste negatif atravè yon tè dyagnostik molekilè **epi** li pa te genyen lafyèv pandan 24 èdtan pase yo san li pa te itilize medikaman pou redwi lafyèv yo.
 - Tès dyagnostik negatif la dwe yon tè molekilè (tankou yon tè reyaksyon chèn polimeraz [PCR]). Yon tè dyagnostik antijèn oswa tè antikò pa akseptab pou objektif sa a. Moun ta dwe mande pwofesyonèl swen yo avan yo fè tè pou asire ke yo ap fè tè ki kòrèk la. Lè yon moun ap chèche retounen travay apre li te genyen sentòm yo men avan peryòd izòlman li a fini, ou ta dwe verifye rezilta tè negatif li a apati yon tè dyagnostik molekilè (PCR).

- **Oswa** sa te fè omwen 10 jou depi sentòm li yo te kòmanse **epi** li pa te genyen lafyèw pandan 24 èdtan ki pase yo san li pa te itilize medikaman pou redwi lafyèw yo **epi** maladi jeneral li a te amelyore

Pou moun ki genyen sentòm ki kòmanse mwens pase twa jou apre li te resevwa yon vaksen kont COVID-19:

- Konsidere li kòm yon potansyèl enfeksyon COVID-19 (ekskli li nan travay la) si sentòm yo gen ladan tous, souf kout, nen ki ap koule, malgòj, paka pran gou oswa pran sant, lafyèw, kè plen, vomisman oswa dyare.
- Moun gendwa ale nan travay si sentòm yo se **sèlman** fatig, maltèt, frison, oswa doulè nan misk oswa nan atikilasyon. Sepandan, si sentòm yo pèsiste depase de (2) jou, konsidere sa kòm yon potansyèl enfeksyon COVID-19 (ekskli li nan travay la).

Si ou genyen kesyon sou yon sitiyasyon espesifik ke gid la pa adrese nan seksyon sa a, ou kapab rele Depatman Sante NYC a nan 866-692-3641 pou yon pou yon konsiltasyon avèk yon epidemyolojis lendi rive vandredi soti 9 AM rive 5 PM.

Èske yon manm pèsònèl la ki te genyen COVID-19, sentòm COVID-19 yo oswa ki te oblije fè karantèn bezwen yon nòt doktè oswa tès pou COVID-19 pou li retounen travay yon fwa li acheve izòlman oswa karantèn li a?

Non. Si li konplete izòlman oswa karantèn lan, li pa bezwen okenn dokimantasyon pou li retounen travay. Li pa bezwen yon nòt doktè, nòt Depatman Sante NYC a oswa rezilta yon tès laboratwa negatif. Yo rekòmande anpil pou ou **pa** egzije rezilta tès pou COVID-19 negatif apre izòlman an, paske yon moun gendwa teste pozitif pou COVID-19 pandan plizyè semèn oswa plizyè mwa apre enfeksyon an menm si li pa kontajye ankò.

Yo te idantifye yon moun nan espas travay mwens an kòm yon kontak pwòch avèk yon ki genyen COVID-19. Èske li kapab retounen travay avan finisman peryòd karantèn li an si li teste negatif pou COVID-19?

Non. Moun lan dwe rete lakay pandan 10 jou. Apre peryòd karantèn pandan 10 jou a fini, epi patikilyèman pandan premye kat jou apre li fini an, moun yo ta dwe kontinye siveye tèt yo pou sentòm yo epi swiv yon fason trè estrik prekosyon pou COVID-19 yo (tankou pote yon kouvèti pou figi, ak pratike distans fizik ak ijyèn men pwòp) paske yon moun rete arisk pou li devlope COVID-19 jiska 14 jou apre li te ekspoze ak viris la.

Si yon moun genyen sentòm COVID-19 yo men li pa ko fè tès pou COVID-19 (oswa yo pa konnen rezilta tès la), èske yo bezwen idantifye kontak pwòch moun sa a epi mande yo pou yo fè karantèn?

Se konfimasyon laboratwa (yon rezilta tès dyagnostik pou COVID-19 pozitif) ki konfime ke moun yo te nan kontak pwòch avèk li a genyen COVID-19 ki deklanche karantèn pou kontak pwòch yo. Si genyen yon gwo dout pou COVID-19 baze sou oswa sentòm yo oswa yon lyen ak yon ka konfime, donk karantèn kontak pwòch annatadan rezilta yo gendwa jistifye. Ou kapab kontakte Depatman Sante NYC a nan 866-692-3641 pou yon konsiltasyon avèk yon epidemyolojis, paske

sa egzije yon evalyasyon ka pa ka. Konsiltasyon disponib lendi rive vandredi, soti 9 AM rive 5 PM.

Èske kontak yon moun ki nan karantèn bezwen fè karantèn tou?

Kontak pwòch yon moun ki nan karantèn pa bezwen rete lakay sòf si moun ki nan karantèn lan teste pozitif pou COVID-19. Kontak pwòch ki devlope sentòm yo ta dwe chèche swen ak fè tès pou COVID-19.

Si yon moun te pran vaksen kont COVID-19, èske li toujou bezwen fè karantèn si yo idantifye li kòm yon kontak?

Non. Moun ki konplèman vaksinen pa bezwen fè karantèn apre yon ekspozisyon. Sepandan, si li devlope sentòm COVID-19 yo, li dwe rete lakay (izole tèt li) epi li ta dwe fè tès pou COVID-19.

Èske manm pèsònèl yo bezwen fè karantèn epi èske yo bezwen ekskli yo nan travay apre yo te vwayaje?

Nan Eta New York, karantèn pa obligatwa apre yon vwayaj domestik oswa entènasyonal. Li rekòmande pou moun swiv [enstriksyon sou vwayaj](#) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) a, ki gen ladan yo rekòmandasyon pou moun ki pa vaksinen fè karantèn apre yo te vwayaje. Pandan ke karantèn pa obligatwa, anplwayè yo kapab egzekite plis egzijans restriktif pou pèsònèl yo a (pa egzanp, egzije pèsònèl la pa retounen travay pou yon peryòd tan ki defini apre yo te vwayaje).

Èske yon manm pèsònèl ki te teste pozitif pou COVID-19 kapab ale travay pandan li ap tann rezilta tès li a?

Si yon manm pèsònèl te genyen sentòm COVID-19 yo pandan 10 jou ki pase yo, li dwe rete lakay pandan li ap tann rezilta tès yo. Li kapab retounen travay sèlman lè kritè yo dekri anwo yo satisfè.

Si yon manm pèsònèl la te genyen sentòm COVID-19 yo epi li pa te ekspoze ak yon moun ki genyen COVID-19, li gendwa ale travay pandan li ap tann rezilta tès li a.

Èske mwen kapab pataje enfòmasyon sou moun ki gen COVID-19 la avèk lòt manm pèsònèl la?

Non. Ou pa ta dwe revele idantite moun ki gen COVID-19 la (sòf pèsònèl Depatman Sante NYC a ki ap ede nan ankèt la) oswa pataje enfòmasyon sou moun lan ki kapab idantifye li, gen ladan kote li te ap travay oswa nenpòt enfòmasyon sou sentòm li gendwa te genyen yo. Enfòmasyon sa a se enfòmasyon sante ki konfidansyèl. Kenbe konfidansyalite pral ede ankouraje lòt moun yo revele lè yo te genyen COVID-19.

Èske mwen bezwen okenn netwayaj oswa dezenfeksyon espesyal nan zòn moun ki genyen COVID-19 yo te itilize yo?

Fèmen zòn moun yo konfime ki gen COVID-19 ki te nan espas travay la tap itilize pandan peryòd enfektye yo a. Konsilte enstriksyon CDC a nan [Netwaye ak Dezenfekte Etablisman ou an](#).

E si yon moun nan espas travay mwen an te genyen yon tès antikò pou COVID-19?

Yo **pa** ta dwe itilize yon tès antikò pozitif oswa negatif pou pran okenn desizyon sou si wi oswa non yon moun kapab ale nan ale travay. Yo pa kapab itilize tès antikò pou COVID-19 yo pou detekte si wi oswa non yon moun malad aktyèlman oswa si wi oswa non yon moun gen iminite kont viris la.

Ki kote moun kapab fè tès pou COVID-19?

Moun kapab jwenn yon sit tès toupre nan nyc.gov/covidtest. Anpil sit yo genyen tès san peye, kèlkeswa sitiyaasyon imigrasyon oswa asirans ou. Raple pèsònèl la pou yo enfòmè ou touswit si yo resevwa yon rezilta tès dyagnostik pozitif.

Anèks: Idantifye Kontak Pwòch yo epi Soumèt Enfòmasyon bay NYC Test & Trace Corps

Lis kontwòl:

- Konfime ka a te sou plas pandan peryòd enfektye li a.
- Idantifye moun ki te genyen kontak pwòch avèk ka a pandan peryòd enfektye li a (konsilte egzanp ki anba la a).
- Avèti kontak pwòch yo ki dwe fè karantèn.
- Soumèt enfòmasyon sou kontak pwòch yo bay Depatman Sante NYC a.

Egzanp:

Yon anplwaye te vini travay nan dat 20 avril la epi li te travay lakay lòt jou yo. Li te premye eksperimante sentòm yo nan dat 21 avril. Sa vle di, kòmansman peryòd enfektye li a se **19 avril** (de [2] jou avan sentòm li yo te kòmanse) epi fen peryòd enfektye li a se **premye me** (10 jou apre sentòm li yo te kòmanse).

19 avril	20 avril	21 avril	22 avril	23 avril	24 avril	25 avril	26 avril	27 avril	28 avril	29 avril	30 avril	1ye me
Kòmansman peryòd enfektye a	Anplwaye a te vini travay	Anplwaye a te premye genyen sentòm yo										Finisman peryòd enfektye a

Anplwaye a te rapòte ke de (2) kòlèg te vini nan pòs travay li a nan dat 20 avril la pandan 15 minit pou diskite yon plan pwojè. Yo tout te pote kouvèti pou figi men yo te sèlman nan twa pye distans.

Ou ta dwe konplete kounye a dènye pati yo nan lis kontwòl la.

- Avèti kontak pwòch yo sou ekspozisyon yo a **san** diskite sou idantite anplwaye a ki genyen COVID-19 oswa lòt kontak ke yo idantifye.
 - Kontak pwòch yo ki tonbe nan youn nan kategori eksepsyon pou karantèn yo (moun ki te konplètman vaksinen oswa ki te genyen COVID-19 nan dènye twa mwa yo, jan sa dekri nan seksyon FAQ ki anwo a) pa bezwen fè karantèn epi yo kapab vini travay.
- Enfòme kontak pwòch yo ki pa tonbe nan youn nan kategori eksepsyon yo ke yo bezwen fè karantèn pandan 10 jou apre dat yo te dènye gen kontak avèk anplwaye a ki genyen COVID-19 la. Konsilte [senaryo modèl](#) ki anba la a pou enfòmasyon ou ta dwe bay lè ou ap kominike avèk kontak pwòch yo.
- Soumèt yon lis kontak pwòch bay [NYC Test & Trace Corps](#) lè ou itilize [fòmilè sou Ekspozisyon ak COVID-19 nan Etablisman an](#).

- Lis kontak pou anplwaye ki genyen COVID-19 la gen ladan ni prenon ak siyati, nimewo telefòn kòlèg la ak dat dènye kontak avèk anplwaye a. Dat nesans ak adrès yo gendwa itil men li pa nesèsè pou ou ajoute yo.
- Tanpri ajoute tout kontak yo, gen ladan sila yo ki te vaksinen konplètman oswa ki te ki te genyen COVID-19 nan 90 jou pase yo epi ki te geri.
- Si ou gen difikile pou soumèt lis kontak la lè ou itilize fòmilè sou Ekspozisyon ak COVID-19 nan Etablisman yo, kontakte ekip pou Etablisman Depatman Sante nan facilities@health.nyc.gov, oswa rele 866-692-3641.

Senaryo modèl:

Anba la a genyen egzanj langaj ou kapab itilize pou avèti kontak pwòch yo konsèsan ekspozisyon potansyèl yo a ak yon ka COVID-19 konfime.

"Nou ap kontakte ou pou avèti ou ke ou gendwa te ekspoze ak yon moun ki genyen COVID-19 nan [AJOUTE DAT]. Dapre Depatman Sante NYC a, ou ta dwe konplete 10 jou karantèn apati dat ou gendwa te ekspoze a. Karantèn gen ladan rete lakay ou epi separe ou ak lòt moun ki nan kay ou, sòf si ou bezwen chèche swen medikal bagay ki esansyèl tankou manje.

Ou ta dwe siveye tou tèt ou pou sentòm COVID-19 yo pandan 14 jou apre dat ou gendwa te ekspoze a, gen ladan pran tanperati ou omwen yon fwa pa jou epi fè tès si ou devlope sentòm yo. Sentòm COVID-19 ki komen yo gen ladan lafyè, tous, difikilte pou respire ak paka pran gou oswa pran sant. Pou yon lis sentòm yo, vizite nyc.gov/health/coronavirus epi ale sou paj wèb "Symptoms and Care" (Sentòm ak Swen) yo. Ou gendwa fè tès menm si ou pa genyen sentòm yo. Pou jwenn yon sit tès pou COVID-19 toupre ou, vizite nyc.gov/covidtest. Anpil sit ofri tès san peye.

Pou resous ak sipò pandan ou ap fè karantèn, vizite nychealthandhospitals.org/test-and-trace/take-care, oswa rele 212-268-4319. Ou kapab rele tou 212-268-4319 pou resevwa èd sou fason pou ou gen aksè ak resous, gen ladan akomodasyon pou otèl gratis pandan ou ap fè karantèn oswa izole tèt ou, resous pou manje, ak konje maladi peye pou tèt ou oswa pran swen yon timoun ki bezwen izole tèt li oswa fè karantèn.

Sa ki annapre yo se resous anplis sou COVID-19:

- [Sa Moun New York yo Dwe Konnen Kounye a Sou COVID-19](#)
- [Tès COVID-19: Kesyon Moun Poze Souvan yo](#)
- [COVID-19: Konprann Karantèn ak Izòlman](#)
- [Kisa Ou Dwe Fè Si Ou Gen COVID-19](#)
- [Gid Resous sou COVID-19 pou Vil New York \(NYC\)](#)

Pou enfòmasyon anplis, vizite nyc.gov/health/coronavirus. Si ou genyen kesyon, rele **311**."

Depatman Sante NYC a gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye. 8.30.21